RAYHAN

ИНСТИТУТ АРАБИСТИКИ

# ТЭУХЬИДЫМРЭ ФИКЪХЬЫМРЭ

Пэщlэдзэ еджапlэ,

1 класс

Адыгэбзэкlэ зэзыдзэкlар:
Вэрокъуэ Софят

Редакцэр:
Умм Ислам аш-Шэркэсия

# ТЭУХЬИДЫМРЭ ФИКЪХЬЫМРЭ

**ПэщIэдзэ еджапIэ, 1 класс.**

Мы тхылъым лъапIэныгъэшхуэ иIэщ,
аращи, абы хуэсэкъын хуейщ.

Мы тхылъым ухуиIэ щытыкIэ къабзэр щыхьэт хурехъу уэ уи дуней тетыкIэ дахэм!

**Тэухьидымрэ Фикъхьымрэ / ПэщIэдзэ еджапIэ, 1 класс /** 2024 / н. 62

Адыгэбзэкlэ зэзыдзэкlар: Вэрокъуэ Софят
Редакцэр: Умм Ислам аш-Шэркэсия
Вёрстка: ʻАбду-ль-Малик

Коммерцие мурадкIэ тетхыкIынымрэ гъэбэгъуэнымкIэ хуитыныгъэ щыIэкъым. Мыр уасэншэу яугуэшыным папщIэ тхылъщ!

بسم الله الرحمن الرحيم

ГуащIэмрэ ГущIэгъумрэ зиIэ Алыхьым и цIэкIэ.

**Хэзыгъэгъуазэ**

Щытхъур ейщ тхэным хуэзыгъэса, цIыхум имыщIэр къезыгъэщIа Алыхьым. Абы и нэфIыр зыщыхуэн и хъуэхъур зылъысын Мухьэммэд Бегъымбарыр Алыхьым къигъэкIуащ, цIыхухэр кIыфIыгъэм къыхишу нэхугъэм къыхуишэн папщIэ.

ИтIанэ:

ИпэжыпIэкIэ, Алыхьым и тхьэзакъуэныгъэр къэлъытэныр къалэнхэм я нэхъыщхьэ дыдэщ, абы теухуа щIэныгъэри псом нэхърэ нэхъ лъапIэщ икIи гъуэзэджэщ. Аращ лэжьыгъэ псоми тегъэщIапIэ яхуэхъури, ахэр къэбыл хъуныр зэлъытари. Тхьэр зэрызакъуэр зэхэщIыкIыныр цIыхухэр зыхуэныкъуэ псоми я щхьэжщ. ДауикI, ипэжыпIэкIэ, цIыхупсэхэм я гъащIэр, абыхэм я гурыфIыгъуэхэмрэ зэкIуныгъэхэмрэ зыхэлъыр Тхьэ къэхутэныгъэрщ – абыхэм щхьэщэ хуэзыщIым, ахэр къэзыгъэщIам, Абы и цIэхэр, щытыкIэхэр, Iуэхугъуэхэр зэгъэщIэнырщ. Дин фикъхьым игугъу пщIымэ, ар щхьэщэ зэрыщIын хуейм теухуа щIэныгъэщ, апхуэдэхэщ зыгъэкъэбзэнми, нэмэзми, нэгъуэщIхэми теухуахэр. Ахэр псори насыпым и нэщэнэхэщ, икIи абыхэм къагъэлъагъуэ цIыхум и хъер зыхэлъ псори Алыхьым зэрыхуигъэфащэр. Алыхьым и щытхъур зылъысын, и нэфIыр зыщыхуэн Бегъымбарым жиIащ: «Алыхьым фIыр зыхуигъэфащэм диныр къызэрихутэн Iэмал ирет»[1]. Абыхэм псоми къахэкIыу, ЩIэныгъэмрэ Гъэсэныгъэмкlэ Министерствэм жэрдэм ищIащ а унэтIыныгъитIымкIэ – тэухьидымрэ фикъхьымрэ – школ егъэджэныгъэм и лъэхъэнэ псоми хиубыдэу егъэджэныгъэхэр къызэригъэпэщыну, еджакIуэхэм

1. Бухъэри (7)

дин фIэщхъуныгъэ пэжхэр ябгъэдэлъхьэн, фикъхьым и лъэныкъуэкIэ шэрихьэтым иIэ хабзэхэр къегъэщIэн, Iэмал зимыIэу щIын хуей щхьэщэхэр егъэщIын, зэрыхъукIэ, диным теухуауэ цIыхухэм яIэ упщIэ псоми я жэуапхэр къагъуэтын папщIэ.

Мы тхылъым и къыдэкIыгъуэщIэм хеубыдэ:

1. **«Тэухьид» предметыр**, абы къриубыдэу еджакIуэ къэс, тегъэщIапIищ къагъэсэбэпурэ, я диным лъабжьэ хуэхъуар къащIэнущ:

- я Тхьэр къэхутэныр;
- я диныр къэхутэныр;
- я Бегъымбарыр къэхутэныр.

2. **«Фикъхь» предметыр**, абы къриубыдэу еджакIуэм къищIэнущ:

- зызэрыгъэкъэбзэн хуеймрэ андез цIыкIумрэ теухуауэ;
- нэмэзым и фIагъым теухуауэ;
- нэмэзыр зыкъутэм теухуауэ.

Дерс къэс зытещIыхьа Iуэхугъуэм теухуа темэ щхьэхуэхэми, предметыр зыхуэгъэзам пыщIа гу зылъытапхъэхэми къыщIыдгъуащ, кIэщIыу икIи гурыIуэгъуэу хэдгъэувэжащ, темэм хэдгъэхьахэм зедгъэубгъуурэ. Апхуэдэуи, дерс къэс упщIэ щхьэпэхэмрэ, егъэджакIуэм папщIэ чэнджэщ зыбжанэхэмрэ хэдгъэхьащ, ахэр къигъэсэбэпурэ абы и мурад псори къехъулIэн папщIэ.

**ЕгъэджакIуэхэм хуэгъэза ущие зыбжанэхэр:**

1. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ умылэжьами, уи гур Алыхьым хузэIухауэ убгъэдыхьэн хуейщ, абы елъытащ ар къабыл хъунрэ мыхъунрэ. НтIэ гъэзащIэ ар гу зэIухакIэ Абы и Нэгум папщIэ, ЛъапIэщ Ар икIи И щIыхьыр инщ, итIанэ уэ ехъулIэныгъэ ущиIэнущ мы дуней гъащIэми, къыкIэлъыкIуэнуми!

2. ИпэжыпIэкIэ, дзыхь къыпхуащIар хъумэныр – къегъэлыныгъэм и Iэмалщ. Уэ-тIэ, сэ си къуэш/шыпхъу лъапIэ, мы диным и Iуэхугъуэ инхэм хубогъаджэ, икIи уэ дзыхь къыпхуащIащ псом нэхъыщхьэр – муслъымэн сабийхэм я акъылымрэ зэхэщIыкIымрэ. НтIэ, дзыхь къыпхуащIар хъумэ уэ, мы дуней гъащIэми, ахърэтми ехъулIэныгъэ ущиIэн папщIэ!

3. ИпэжыпIэкIэ, «Тэухьид» предметым хуегъэджэныр – IуэхуфIхэм я нэхъ инхэм щыщ зыщ. ДауикI, цIыхухэм дежкIэ хъерыр – мы дуней гъащIэм напэтехым щыхъумэнымрэ къыкIэлъыкIуэнум и псэм къытехьэну тезырым IэщIэгъэкIынымрэ – Тхьэзакъуэныгъэр къыщахутэм дежщ, апхуэдэуи, абы хуэгъэза Iуэхугъуэхэр ялэжьмэ. НтIэ, егугъу, уэ егъэджакIуэ лъапIэ, тхьэфIэщхъуныгъэ пэжхэр еджакIуэхэм ягухэм щIэбгъэбыдэн папщIэ! Ар нэгъэсауэ зылэжьхэм ящыщ зы урехъу! Уэ езым зыхэлъхьэ ахэр зыхуебгъаджэр, апхуэдэуи, щэн дахэхэр зыдалъэгъун щапхъэ яхуэхъу!

4. Алыхьыр зэрытхьэзакъуэмрэ Абы и къарур зыхуэдэмрэ джын папщIэ текст зыбжанэхэр къэгъэсэбэпын хуейщ. Псалъэм папщIэ, пшэхэр уафэм зэрыщызекIуэм, уафэгъуагъуэмрэ щыблэмрэ, уэшх къызэрешхым, нэгъуэщI дуней щытыкIэхэми теухуауэ. ДауикI, ипэжыпIэкIэ,

абыхэми, нэгъуэщI къэхъукъащIэхэми диныр зи гум илъ дэтхэнэ зыми и Iиманыр нэхъ быдэ ящI.

5. ИпэжыпIэкIэ, «Фикъхь» предметым хуегъэджэным мыхьэнэшхуэ иIэщ икIи Iэмалыншагъэщ. Абы и фIыгъэкIэ, еджакIуэхэм къащIэ щхьэщэ зэращI щIыкIэхэр, ар абыхэм я къалэнхэм хыхьэхэм щыщщ, апхуэдэуи, зыгъэкъэбзэным, андезым, нэмэзхэм теухуауэ, къищынэмыщIауэ, шэрихьэтым щыщ хабзэхэри. Уэ егъэджакIуэ лъапIэ, уэ абыхэм дин гупсысэкIэ ябгъэдэплъхьэн хуейщ, ахэр зыхурагъаджэр ягъэзэщIэн папщIэ.

6. ИпэжыпIэкIэ, щапхъэ къэхьынымрэ, хьысэр гъащIэм къыщекIуэкI Iуэхухэм пыщIэнымрэ сыт хуэдэ предметми и къэхутэныгъэр нэхъ тынш ещI. Ар куэду щхьэпэ хъунущ еджакIуэхэм а предметыр фIыуэ къалъэгъунымкIэ, икIи абыхэм ар фIыуэ къалъагъумэ, ар яфIэфIыу яджынущ икIи ягъэзэщIэнущ абы зыхуригъаджэ псори. Дэуи гур фIы тщIынщ Бегъымбарым, Алыхьыр арэзы зыхуэхъуным, и сэламыр зылъысыным и псалъэхэмкIэ, абы жиIащ: «ИпэжыпIэкIэ, мыIуминым, дунейм ехыжа нэужь, сэбэп къыхуэзыхьыну Iуэхугъуэхэм ящыщ зыщ абы зыхуригъэджа, зызригъэубгъуа щIэныгъэр»[2]

2. Ибн Маджэ 242

# «Ат-Тэухьид»[3]

(ЕтIуанэ илъэс никъуэр[4])

## Дерс е-1-нэ. ЦIыху къэс Iэмал имыIэу ищIэн хуейр

Хэт уэ уи Тхьэр? – Сэ си Тхьэр – Алыхьыращ.

Сыт хуэдэ уи диныр? – Си диныр – Ислъамщ.

Хэт уи Бегъымбарыр? – Си Бегъымбарыр – Мухьэммэдщ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, и сэламыр зылъысын.

***Лэжьыгъэ.*** **Дэгъэхуахэм псалъэ къезэгъхэр дэгъэувэж:**

1. Сэ си Тхьэр …
2. Си диныр …
3. Си Бегъымбарыр …

Сыт щыгъуи мы гукъэгъэкIыж щыпкъэхэр щэрыщэ къытебгъэзэжурэ жыIэ, пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэ:

***«Радъыйту биЛляхи Рэббан, уэ би-л-ислями динан, уэ би-Мухьэммэдин набийййан» / «Сэ сыхуэарэзыщ Алыхьым – зэры ди ТхьэмкIэ, Ислъамым –зэры ди диныкIэ, Мухьэммэд – зэры ди БегъымбарымкIэ».***

---

3. Тэухьид – Алыхьыр Гъэзэкъуэныгъэ, псэмкIэ къыптехуэу гъэзэщIэн хуейр зыдж щIэныгъэ.
4. Япэ еджэгъуэ илъэс никъуэм 27.04.1425 гъ. ягъэувауэ щыта №129-нэ программэм тету еджакIуэхэм зрагъащIэ предметхэу Фикъхьымрэ Сулукъымрэ теухуа Iуэхугъуэ зыбжанэхэр.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным и сэламыр зылъысыным, жиIащ: «ЦIыхухэм ящыщу пщэдджыжьым е пщыхьэщхьэм хэт жимыIэми: *«Радъыйту биЛляхи Рэббан, уэ би-л-ислями динан, уэ би-Мухьэммэдин набиййан»* щэнейрэ, Алыхьым дежкIэ ар щхьэусыгъуэ хъунущ Къемэт махуэм Абы и арэзыныгъэр лъигъэсыну»[5].

2. Алыхьым, зи ЩIыхьыр Иным, цIыхухэм хуигъэза и ФIыщIэр зытеухуар ахэр щымыIэм къызэрыхищIыкIарщ, абыхэм ерыскъы зэрабгъэдилъхьарщ, Зи ЩIыхьыр Лъагэм щхьэщэ хуащIыфын щхьэкIэ ар сэбэп къахуэхъун папщ1э.

3. Алыхьым И пщылIхэм хуищIа ФIыщIэр зытеухуар Абы Мухьэммэдыр, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэныр и сэламыр зылъысыныр, И ЛIыкIуэу зэрахуигъэкIуарщ. Абы кIэлъыкIуахэм ехъулIэныгъэ къаIэрыхьакIэщ икIи мы гъащIэми, къыкIэлъыкIуэми насып щаIэщ.

4. Алыхьыр И пщылIхэм папщIэ зыхуэарэзы Ислъам диным и лъапIагъым теухуауэ. Алыхь Талэм жеIэ: **«ФэркIэ хьэрэмщ псэхэлIэр, лъыр, кхъуэлыр, Алыхьым имыцIэкIэ фIагъэжар, тхьэлар, удынкIэ яукIар, щыхуу яукIар, къелыджу яукIар, хьэкIэкхъуэк1эм ныкъуэшх ящIар, и псэр хэмыкI щIыкIэ фIамыгъэжамэ! – тыхь щIыпIэм щыукIахэр, пхъэтедзэкIэ вгуэшар. Ар къемызэгъщ. Нобэ джаурхэм я гугъэр хахыжащ диным фытрашыным; абыхэм фащымышынэ, Сэ фыкъысщышынэ. Нобэ фи диныр нэзгъэсащ, Си фIыщIэри иризгъэкъуащ, исльамыр дин зэрыфхуэхъуам арэзы сыкъещI.**

5. Ахьмэд (4/337)

**Гуэныхь ищІэн хуэмейуэ мэжэщІэлІагъэкІэ [хьэрэм] зышхым Алыхьыр Гуэныхьгъэгъущ, ГущІэгъущІщ»[6].**

5. Ислъам диным и лъапІагъыр еджакІуэхэм ягухэм щІэгъэбыдэн.

**Хьысэм и къалэнхэр:**

- ЦІыху къэс Іэмал имыІэу ищІэн хуейхэм теухуауэ еджакІуэм къыгурыгъэІуэн.
- Ислъам диным и лъапІагъыр еджакІуэм зэрилъагъур.

6. КъурІэн (5:3)

# Дерс е-2-нэ. Си Тхьэр – Алыхьыращ

Хэт уэ уи Тхьэр? – Си Тхьэр – Алыхьыращ.

Дэнэ щыIэ Алыхьыр? – Алыхьыр уафэм тетщ.

Хэт уэ укъэзыгъэщIари, фIыгъуэ псор къозытари? – Алыхьыращ – СыкъэзыгъэщIари, И фIыщIэкIэ фIыгъуэ псори къызэзытари.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**

1. Хэт уэ уи Тхьэр?
2. Дэнэ щыIэ Алыхьыр?
3. Хэт уэ укъэзыгъэщIари, фIыгъуэ псор къозытари?

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Алыхьым и ЛIыкIуэр, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэныр и сэламыр зылъысыныр, «Дэнэ щыIэ Алыхьыр?» – жиIэу зэупщIауэ щыта цIыхубз пщылIым «Уафэм щыIэщ» жиIэу жэуап къызэрыритам теухуа хьэдисыр къэхьын хуейщ[7].

2. «Абы И фIыщIэкIэ фIыгъуэ псори къызбгъэдилъхьащ» жыIэкIэм и мыхьэнэр къагурыгъэIуэн. А псалъэхэм къикIыращи, Абы къызбгъэдилъхьащ фIыгъуэ нэрылъагъухэри гъэпщкIуахэри. ФIыгъуэ нэрылъагъухэр – шынагъуэншагъэмрэ узыншагъэмрэщ. ФIыгъуэ гъэпщкIуахэр – дин фIыгъуэмрэ гъуэгу пэжымрэщ.

3. Алыхьым и лъапIагъэр еджакIуэхэм ягухэм щIэгъэбыдэн.

7. Муслим къехь (5307)

**Хьысэм и къалэнхэр:**

- Алыхьым И щIыхьыр зэрыиныр еджакIуэхэм зыхегъэщIэн.
- Алыхьыр къигъэщIахэм нэхърэ зэры нэхъ ЛъапIэр къагурыгъэIуэн.
- Алыхьым къигъэщIахэм яхуищIа фIыщIэхэм щыщ зыбжанэ абыхэм ягу къегъэгъэкIыжын.

# Дерс е-3-нэ. Тхьэр къызощІэ

Сэ си Тхьэр къызощІэ Абы И нэщэнэхэмкІэ, къигъэщІахэмкІэ, псалъэм щхьэкІэ, жэщыр, махуэр, уафэр, щІылъэр.

Алыхьыр – сэ псэ къысхэзылъхьаращ, иужькІи си псэр схихыжынурэ И Деж згъэзэжынущ.

**Тепсэлъыхьыным папщІэ упщІэхэр:**

1. Сыт хуэдэ щІыкІэ уэ уи Тхьэр къызэрыпщІэр?

2. Хэт уэ псэ къыпхэзылъхьари, итІанэ ар пхэзыхыжынури?

**ЕгъэджакІуэм папщІэ**

1. Алыхьым къигъэщІа адрей Іуэхугъуэхэми я гугъу щІын хуейщ, псалъэм щхьэкІэ: уэшхыр къызэрешхым, къэкІыгъэхэр щІым къызэрыхэкІым, лъэІухэм жэуап зэрагъуэтым, насыпыншагъэхэм деж дэІэпыкъуэгъу къызэрыкІуэм.

2. Алыхьым И нэщэнэхэмрэ Абы къигъэщІахэмрэ теухуауэ еджакІуэхэр тегъэпсэлъыхьын.

3. Сыт «гъэзэжын» жиІэм къикІыр? Ар лІэным иужькІэ къыщыхъужым дежщ, къалэжьар къалъысыжын папщІэ.

4. Къэхъужыным теухуа фІэщхъуныгъэр еджакІуэхэм ягухэм щІэгъэбыдэн.

**Хьысэм и къалэнхэр:**

- Алыхьым И нэщэнэ, Абы къигъэщІахэм щыщ зыбжанэхэр еджакІуэхэм къегъэщІэжын.

- Алыхьым И нэщэнэхэмрэ, Абы къигъэщІахэм щыщ Іуэхугъуэхэмрэ теухуауэ еджакІуэхэм я гупсысэхэр жегъэІэн.

- ЕджакІуэхэм къагурыгъэІуэн, цІыхухэр лІа нэужь, къалэжьар къалъысыжын папщІэ, Алыхь Талэм ахэр къызэригъэхъужыр.

# Дерс 4.1.-рэ. Алыхьыр – КъэгъэщIакIуэщ

Алыхьыр – сэрэ адрей цIыхухэмрэ къызэгъэщIаращ.

Алыхьыр – уафэмрэ щIылъэмрэ къэзыгъэщIаращ.

Алыхьыр – махуэмрэ жэщымрэ, дыгъэмрэ мазэмрэ къэзыгъэщIаращ.

**Лэжьыгъэ. Дэгъэхуахэм псалъэ къезэгъхэр дэгъэувэж**:

1. … къэгъэщIыныгъэхэр къызэгъэщIаращ.
2. … уафэмрэ щIылъэмрэ къэзыгъэщIаращ.
3. … дыгъэмрэ мазэмрэ къэзыгъэщIаращ.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. КъагурыгъэIуэн хуейщ, Алыхь Талэу Зи ЩIыхьыр Иным къигъэщIахэр зэрылъапIэр Езыри зэрылъапIэм и тегъэщIапIэхэщ, икIи Абы щхьэщэ хуэщIыныр хуэфащэщ.
2. Мы дерсыр класс щIыб щекIуэкIмэ нэхъыфIщ, Ди Тхьэм къигъэщIахэм щыщу, псалъэм папщIэ, уафэр, щIылъэр, жыгхэр, еджакIуэхэм нэрылъагъу яхуэхъун папщIэ.
3. Езы еджакIуэхэм я дэIэпыкъуэгъукIэ, Алыхьым къигъэщIахэм щыщу нэгъуэщI щапхъэхэри къэхьыпхъэщ.
4. Алыхьым къигъэщIахэм теухуауэ еджакIуэхэр гъэгупсысэн, абыхэм гъащIэ къезытам И Къарур зэхащIэн папщIэ.

**Хьысэм и къалэнхэр:**

- ЕджакIуэр Алыхьу Талэм къигъэщIахэм щIэгъэгупсысын, Абы И Къарум и инагъыр къыгурыIуэн папщIэ.
- ЕджакIуэхэм къагурыгъэIуэн, Алыхьым цIыхухэм Зэрыхуэупса фIыщIэр – ахэр щымыIэм КъызэрыхищIыкIаращ.

# Дерс 4.2.-рэ. Алыхьыр – КъэгъэщIакIуэщ

Алыхьыр – бгыхэмрэ, псыхэмрэ, жыгхэмрэ, къэзыгъэщIаращ. Тхьэшхуэм зэрыжиIащи: **«Алыхьыр сыт ищIысми я тепщэщ, сыт ищIысми я хъумакIуэщ»**[8]. Абы къыхэкIыу, сэ си къалэнщ дунейм тет псори къэзыгъэщIа Алыхь Закъуэм щхьэщэ хуэсщIыну.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**

1. Алыхьым къигъэщIахэм щыщу Iуэхугъуищым я цIэ къиIуэ.

2. Алыхьыр псоми я КъэгъэщIакIуэщ. Абы тегъэщIапIэ хуэхъухэр къэхь.

Тхьэшхуэм жиIащ: **Аращ – Езыращ зыщIар дыгъэр къепсу, мазэр нуррэ и теплъэми зихъуэжу, илъэсхэр къыривбжын щхьэкIэ. Алыхьым ахэр хабзэ щыпкъэм тету къигъэщIащ, а телъыджэхэр наIуэ къещI щIэныгъэ зиIэхэм щхьэкIэ**[9].

***Лэжьыгъэ.* Дэгъэхуахэр дэгъэувэж:**

Дыгъэм фIыгъуэу хэлъыр …

Мазэм фIыгъуэу хэлъыр …

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Алыхьыр зэры КъэгъэщIакIуэр, Абы Зэризакъуэр жыIэн.

2. Алыхь Талэ закъуэм – псоми Я КъэгъэщIакIуэм – щхьэщэ хуэщIын зэрыхуэейр къагурыгъэIуэн.

8. КъурIэн (39:62)
9. КъурIэн (10:5)

3. КъэгъэщIынығъэхэм щыщу псыхэмрэ жыгхэмрэ я сэбэпнагъым тепсэлъыхьын.

**Хьысэм и къалэнхэр:**

- ЕджакIуэм игу къегъэгъэкIыжын Алыхьым къигъэщIахэм щыщ Iуэхугъуэ зыбжанэхэр.
- ЕджакIуэм игу къегъэгъэкIыжын Алыхьыр псори къызэригъэщIам и тегъэщIапIэхэр.
- Алыхьым къигъэщIахэм еджакIуэр щIэгъэгупсысын.

# Дерс е-5-нэ. Алыхьым и Къару гъуэзэджэр къигъэщIахэм хэлъщ

«Уэ ди Тхьэ, мыр пщIэншэу къэбгъэщIакъым. Зихуэдэ щымыIэ! МафIэм и хьэзабым дыщыхъумэ!»[10]

Сыту гъэщIэгъуэн!

Сыт ар и Тхьэм щIемыдаIуэр?

Дауэ ар фIыщIэншэу щытыф?

ФIэщмыхъуныгъэр абы и IуэхущIафэхэм къагъэлъагъуэ.

Нэщэнэ псоми я мыхьэнэр, Ар, Ди Тхьэр – зэры Закъуэрщ.

(Дунейм тет псори къэзыгъэщIам, (ипэжыпIэкIэ, Абы и закъуэщ) щхьэщэ хуэщIыныр хуэфащэщ!)

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. КъэгъэщIыныгъэхэм Алыхьым И Къару иныр къызэрагъэлъагъуэм теухуауэ еджакIуэхэм я IуэхуеплъыкIэхэр зэпкъырыхын.

2. Алыхьым и нэщэнэхэм тепсэлъыхьыным муслъымэным и иманыр нэхъ быдэ зэрищIыр, и Тхьэр нэхъыфIыу къызэригъэцIыхур, Абы хуиIэ лъагъуныгъэм зэрыхигъахъуэр, Абы И ЛъапIагъэр зэрызэхищIэр къагурыгъэIуэн.

3. ЕгъэджакIуэм еджакIуэхэр къыхуриджэн хуейщ Алыхьым И КъэгъэщIыныгъэхэм щIэгупсысыну, цIыхумрэ дунеймрэ папщIэ абыхэм сэбэпнагъ пылъыр къагуригъаIуэурэ.

10. КъурIэн (3:191)

**Хьысэм и къалэнхэр:**

- еджакIуэхэм егъэлъэгъун Алыхьым къигъэщIахэм хэлъ лъапIэныгъэхэр;
- еджакIуэхэр егъэгупсысын Алыхьым И нэщэнэхэмрэ И къэгъэщIыгъэхэмрэ.

# Дерс е-6.1.-рэ. Ерыскъым ущызымыгъащIэу Алыхь

Алыхьыр – уафэмкIэ уэшх къезыгъэхыращ.

Алыхьыр – шхын папщIэу ерыскъырэ дызэфэнрэ къыдэзытыращ.

Алыхьыр – зэхэтхыу, тлъагъуу дызыщIаращ.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**

Хэт дэ къыдэзытыр тшхынури, дызэфэнури?

***Лэжьыгъэ. Дэгъэхуахэр дэгъэувэж*:**

Сэ слъагъуфу фIыщIэ къызитам си дежкIэ сэбэпнагъыу хэлъщ…

Сэ зэхэсхыфу фIыщIэ къызитам си дежкIэ сэбэпнагъыу хэлъщ…

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Уэшхым сэбэпу хэлъым тепсэлъыхьын.

2. Псым зэрыхуэсакъын хуейм, ар Iисраф пщIы зэрымыхъунум гу лъегъэтэн.

3. Шхыным щыщу къэнар зэIухауэ къэбгъанэ зэрымыхъунур къагурыгъэIуэн. Ар Алыхьым фIыгъуэу къызэрыббгъэдилъхьам папщIэ фIыщIэщ, икIи, шэч хэмылъуу, фIыщIэ хуэпщIыр а фIыгъуэр бэгъуэным щхьэусыгъуэ хуэхъунущ. Тхьэшхуэм жиIащ: **КъывжиIащ фэ фи Тхьэм: «Фэ фIыщIэ фщIымэ, Сэ Iэмал имыIэу фхуэзгъэбэгъуэнущ; ауэ фIыщIэншэу фыщытмэ… ИпэжыпIэкIэ, Си тезырыр, шэч хэмылъу,**

**гуащІэщ!»**[11]

4. ЕджакІуэхэм къагурыгъэІуэнуинэм илъагъунымрэ уи тхьэкІумэм зэхихынымрэ сэбэпнагъышхуэ зэрыхэлъыр.

5. ЕджакІуэхэм гу лъегъэтэн, Алыхьым фІыгъуэхэм щыщу ерыскъыр, псыр, тхьэкІумэр, нэр къыщІыдитар, ахэр къэдгъэсэбэпурэ Ди Тхьэшхуэм дызэрыхуэпщылІыным папщІэщ.

**Хьысэм и къалэнхэр:**

- ЕджакІуэхэм къегъэщІэн Алыхьым къыбгъэдэкІ фІыгъуэхэм щыщ зыбжанэхэр
- ЕджакІуэхэр къыхуеджэн Алыхьым къыбгъэдэкІ фІыгъуэхэм папщІэ фІыщІэ ящІыну.

11. КъурІэн (14:7)

# Дерс е-6.2.-рэ. Ерыскъым ущызымыгъащІэ Алыхьыр

Алыхьыр – узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къыдэзытарщ.

Тхьэм жиІащ: **«ИпэжыпІэкІэ, Алыхьыращ мылъкур Къозытыр, *Л*ъэкІыныгъэшхуэ ЗиІэр, *Л*ъэщыр»**[12]. Абы къыхэкІыу, сэ си къалэнщ збгъэдэлъ псори Къызэзыта Алыхьым фІыщІэ хуэсщІыну

**Тепсэлъыхьыным папщІэ упщІэхэр:**

Хэт дэ диІэ псори къыдбгъэдэзылъхьар?

***Л*эжьыгъэ**:

1. Алыхьым И фІыгъуитІ къыхэх. (шхын, псы, нэ, тхьэкІумэ).

2. Дэгъэхуар дэгъэувэж

Муслъымэным, фІыгъуэ псом папщІэ, и Тхьэм фІыщІэ хуищІыу жеІэ …

**ЕгъэджакІуэм папщІэ.**

1. Алыхьым – Тхьэ Закъуэм – уиІэ псори къызэрыббгъэдилъхьэр къагурыгъэІуэн.

2. Узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщІэ Алыхьым елъэІуну къыхуеджэн.

3. «Алхьэмдулиллахьи Іантэ кулли нихьмэ» - «СиІэ псомкІи Алыхьым фІыщІэ хузощІ» - псалъэхэр жаІэу егъэсэн.

12. КъурІэн (51:58)

4. Алыхьым и фІыщІэр нэрылъагъу щыхъу щапхъэ нэхъыбэ къэхьын. Іиман къэзыхьа гъуэгу пэжым ирикІуахэм щыщхэм жаІэрт: «ФІыгъуэ уиІэхэр уи гум илъмэ, ахэр Къозытам, Зи ЩІыхьыр Иным, ухуиІэ лъагъуныгъэм хегъахъуэ».

**Хьысэм и къалэнхэр:**

- ЩІыхум иІэ псори Алыхьым къызэрыбгъэдэкІым теухуа тегъэщІапІэхэр еджакІуэм игу ирегъэубыдэн
- Алыхьым фІыгъуэ къыбгъэдэкІ псоми папщІэ фІыщІэ псалъэхэр еджакІуэхэм жегъэІын

# Дерс е-7-нэ. Алыхьым, си Тхьэм, щхьэщэ хузощI

Сэ – сымуслъымэнщ, сэ Алыхь Закъуэращ щхьэщэ зыхуэсщIыр.

Сэ – сымуслъымэнщ, сэ Алыхьыр фIыуэ солъагъу икIи сыхуопщылI.

Сэ – сымуслъымэнщ, сэ Алыхьым сыщошынэ икIи абы и псалъэм сытекIынукъым.

Сэ – сымуслъымнэщ, сэ Алыхь Закъуэм зыхузогъазэ, Абы нэмыщI, нэгъущIым зыми.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**

Хэт дэ щхьэщэ зыхуэтщI закъуэр?

***Лэжьыгъэ. Дэгъэхуахэр дэгъэувэж***:

**Псалъэхэр**: Жэнэт, нэмэз, КъурIэн, Алыхь.

1. Муслъымэным зыхуегъазэ … Закъуэм.

2. Муслъымэныр хуосакъ и … .

3. Муслъымэным … еджэныр хегъахъуэ, Алыхьым, зи щIыхьыр иным, и арэзыныгъэр къилэжьын, … ихьэн папщIэ.

**Егъэджак Iуэм папщIэ**

1. Алыхьыр КъэгъэщIакIуэу зэрыщытыр, цIыхум иIэ псори зэрыбгъэдилъхьэр, псэ зэрыхилъхьэфыр, зэригъэлIэфыр, щхьэщэ зыхуэфащэр Абы зэризакъуэр къагурыгъэIуэн.

2. Алыхьым и пщылIхэм я къалэнхэм щыщу нэмэзым, нэщIым, духьэм, къурмэным, нэгъуэщIхэми ягугъу щIын.

3. ЕджакIуэхэр псапэ щIэным къыхуэгъэушын.

4. Алыхьым и губжь къызыхэкIын псалъэхэмрэ Iуэхугъуэхэмрэ щыхъумэн.

**Хьысэм и къалэнхэр**

ЕджакIуэм хуейщ:

- КъыгурыIуэн – узыхуэпщылIын хуейр Алыхь Закъуэрщ, нэгъуэщI тхьэпэлъыт гъусэ хуимыщIыу.
- ПщылIыным и къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр ищIэн.
- Алыхьу ЛъапIэм и губжьыр къызыхэкIын гуэныхьхэм зыщихъумэн.
- И Ислъам диным ирипэгэн.

# Дерс е-8.1.-рэ. Си диныр – Ислъамщ

Сэ – сымуслъымэнщ, си динри – Ислъамщ.

Алыхь ЛъапIэм жиIащ: **Алыхьым и дежкIэ диныр Ислъамыращ; Пэжыгъэ къызыхуэкIуауэ щытахэм, щIэныгъэр (КъурIэныр) къалъэIэса нэужь, зэгурымыIуэныгъэ якум къыдыхьащ, фыгъуэ зэрахэлъым къыхэкIыу. Алыхьым и Iэятхэр зымыдэхэри, ипэжыпIэкIэ, мыгувэу жэуапым иришэлIэнущ**[13].

Ислъамыр – Алыхьым и тхьэзакъуэныгъэщ, Абы хуэпщылIыныращ, Абы емыдэIуэныр къэгъэнэнырщ, апхуэдэуи, Ислъамым къинэмыщI, адрей динхэр къэгъэнэнырщ.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэ:**

Сыт хуэдэ уэ уи диныр?

**Лэжьыгъэ:**

Япэ сатыр ехым хэт псалъэхэр етIуанэм хэтхэм щыщу зыхуэкIуэхэм пыгъэувэж:

**Ислъамыр – ар …**

| | |
|---|---|
| ☐ и тхьэзакъуэныгъэ | а) Ислъамым къинэмыщI |
| ☐ къэгъэнэн | б) Алыхьым |
| ☐ адрей динхэр къэгъэнэн | в) Абы емыдэIуэныр |

13. КъурIэн (3:19)

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. «Ислъам» псалъэм къикIыр къагурыгъэIуэн, апхуэдэуи, а диным фIыгъуэ хэлъхэр ягу къэбгъэкIыжурэ, абы хуаIэ лъагъуныгъэр еджакIуэхэм я псэм щIэгъэбыдэн.

2. Ислъамым тетыныр – Жэнэтым ухуэзышэ гъуэгу закъуэу, ар мафIэм укъезыгъэлыну Iэмалу зэрыщытыр къагурыгъэIуэн.

3. Ислъамыр – ар муслъымэн псоми я фIылъагъуныгъэу, зи фIэщ мыхъухэм я лъагъумыхъуныгъэу, апхуэдэуи, фIэщхъуныгъэншэхэм зебгъэщхь зэрымыхъунур къагурыгъэIуэн.

**Хьысэм и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм хуейщ:

- «Ислъам» псалъэм къикIыр къыгурыIуэн.
- Муслъымэнхэр фIыуэ илъагъун.
- Тхьэ куэдымрэ, абыхэм щхьэщэ хуэзыщIхэмрэ пэIэщIэ зищIын.

# Дерс е-8.2.-рэ. Си диныр – Ислъамщ

Ислъамым и лъабжьэр – щыIэкъым нэгъуэщI тхьэ, Алыхьым нэмыщI, Мухьэммэди – Абы и ЛIыкIуэщ.

Ислъамым къинэмыщI, адрей динхэр псори пцIыщ.

Алыхьым жиIащ: **«Ислъамым нэмыщI дин къыхэзыхьэм хуадэнукъым икIи ахърэтым деж хэкIуэдахэмящыщукъыщIидзынущ»**[14]. Абыкъыхэкlыу, сэ, муслъымэным, нэгъуэщI дин къэслъытэркъым, Ислъамым къинэмыщI.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэ:**

Сыт Ислъамым и лъабжьэр?

***Лэжьыгъэхэр:***

1. Псалъэ дэгъэхуахэр дэгъэувэж.

… къинэмыщI, адрей динхэр псори пцIыщ.

Ислъамым къинэмыщI, адрей динхэм тету лIар, … кIуэнущ.

2. Алыхьым идэркъым нэгъуэщI дин, Ислъамым къинэмыщI. Абы тегъэщIапIэ хуэхъур уигу къэгъэкIыж.

3. Муслъымэным шэхьадэ псалъэхэр щыжиIэн хуейхэр къыхэгъэщ:

☐ Азэн къыщыджэм деж …

☐ Щышхэм деж …

☐ Андез къищта нэужь …

☐ Къепса нэужь …

14. КъурIэн (3:85).

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Алыхьым и ЛIыкIуэм, Алыхьым и щытхъур зылъысын и нэфIыр зыщыхуэным, псом нэхъапэу Алыхьым нэмыщI нэгъуэщI тхьэ зэрыщымыIэм цIыхухэр къыхуриджэну унафэ хуищIри Йэмэн игъэкIуа Мухьэз, Алыхьыр арэзы зыхуэхъуным, и хьэдисыр къэхьын. Бухъэри (7372), Муслим (19).

2. Щыхьэт псалъэхэм я лъапIагъыр къагурыгъэIуэн, псом япэу абыхэм Ислъамым узэрытрашэр къегъэщIэн.

3. Дин нэпцIхэм щыщу яхьудыр, чристаныр, мэжусир, нэгъуэщIхэри щапхъэу къэхьын.

4. Ислъам диным темыту лIам и кIуапIэр мафIэу зэрыщытым яхутепсэлъыхьын.

**Хьысэм и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм:

- Ислъамым и лъабжьэр къегъэщIэжын
- Ислъам диным и лъапIагъэр зэхегъэщIэн
- Ислъамым нэмыщI, адрей динхэр зэры нэпцIыр зэхигъэкIыфу егъэсэн.

# Дерс е-9.1.-рэ. Си Бегъымбарыр – Мухьэммэдщ,

**Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, и сэламыр зылъысын**

Си Бегъымбарыр – Мухьэммэд ибн Iэбдэллыхь ибн Iэбдул МутIэллибщ.

Ар Алыхьым цIыху псоми къахуигъэкIуащ.

Алыхьым ар къигъэкIуащ Алыхь закъуэм хуэпщылIыным къыхуриджэн, нэгъуэщI тхьэпэлъыт псоми щхьэщэ хуэщIыныр къагъэнэн папщIэ.

***Лэжьыгъэ***:

Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж:

Бегъымбарым и цIэр …

Алыхьым Бегъымбарыр … къахуигъэкIуащ.

Алыхьым Бегъымбарыр къигъэкIуащ … папщIэ.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Алыхьым цIыхухэм яхуищIа и фIыщIэщ, ахэр Алыхь закъуэм щхьэщэ хуащIыну къыхуриджэн папщIэ, Абы Мухьэммэд Бегъымбарыр, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэныр, къазэрыхуигъэкIуар.

2. Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, хуаIэ лъагъуныгъэм щыхьэт хуохъу абы и унафэм щIэувэныр, ар щапхъэ щIыныр.

3. Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщI тхьэпэлъытхэм щхьэщэ хуэщIыным зыщыхъумэн.

4. Бегъымбарым и цІэр къраІуэху «Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэн, и сэламыр зылъысын» псалъэхэр жаІэу егъэсэн.

5. Бегъымбарыр, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэныр, и сэламыр зылъысыныр, пылым и илъэсым къызэралъхуам теухуауэ тхыдэм игугъу яхуэщІын, сэбэпнагъ къыхахын папщІэ.

**Хьысэм и къалэнхэр:**

ЕджакІуэм:

- Бегъымбарым, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, и лІакъуэр зригъэщІэн.
- Бегъымбарыр, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэныр, Алыхьым цІыху псом деж къызэригъэкІуар къегъэщІэн.
- Бегъымбарыр, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэныр, Алыхьым къыщІигъэкІуам и мыхьэнэм тегъэпсэлъыхьын.

# Дерс е-9.2.-рэ. Си Бегъымбарыр – Мухьэммэдщ,

**Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, и сэламыр зылъысын**

Си Бегъымбарыр – Мухьэммэдщ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, и сэламыр зылъысын. Мухьэммэд Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, и унафэм щIэувахэр – Жэнэтым ихьащ, емыдэIуар – жыхьэнмэм кIуащ.

Абы къыхэкIыу, сэ фIыуэ слъагъун хуейщ Мухьэммэд Бегъымбарыр, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, и сэламыр зылъысын, и унафэми седэIуэнущ.

**Лэжьыгъэ:**

1. **Псалъэ дэгъэхуахэр дэгъэувэж:**

Мухьэммэд Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, и сэламыр зылъысын, и унафэм щIэувахэр – … ихьащ, емыдэIуар – … кIуащ.

Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, и сэламыр зылъысын, и фIагъхэм щыщщ пэжыгъэр, …

**2.** Сыт уэ жыпIэр, Алыхьым и ЛIыкIуэм и цIэр щызэхэпхым деж?

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, и сэламыр зылъысын, и унафэм едэIуэным, ар фIыуэ лъагъуным къыхуеджэн, абы и псалъэм текIыным зыщегъэхъумэн.

2. Бегъымбарыр, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, и сэламыр зылъысын, фIыуэ зылъагъур абы и гъусэу жэнэтым зэрыщыIэнур хуэгъэлъэгъуэн, хьэдисым къызэрыщыхьам тету: «Щыхур фIыуэ илъэгъуам игъусэщ»[15].

3. Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, и сэламыр зылъысын, и хьэлщэныфIхэм щыщу пэжыгъэм, дзыхьым, гъэгъуныгъэм тепсэлъыхьын, еджакIуэхэм абы хуаIэ лъагъуныгъэм хэзыгъэхъуэн, абы щапхъэ трахын гукъыдэжыр къэзыIэтын щапхъэ зыбжанэхэри къэпхьурэ.

4. Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, и сэламыр зылъысын, и гъусахэм, Алыхьыр арэзы зыхуэхъунхэм, абы хуаIа лъагъуныгъэр щапхъэу къэхьын, ахэр абы жиIэм едаIуэу зэрыщытам тепсэлъыхьын.

**Хьысэм и къалэнхэр:**

ЕджакIуэр:

- Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, хуищI лъагъуныгъэм абы и унафэм зэрытетыр къызэригъэлъагъуэр гуригъэIуэфу егъэсэн.

- Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, и унафэм тетыр жэнэтым зэрыкIуэр, текIыр – жыхьэнмэм зэрыкIуэр гуригъэIуэфу егъэсэн.

- Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, и псалъэм текIыным зыщегъэхъумэн.

15. Бухъэри (6169)

# Дерс е-10-нэ. КъурIэн лъапIэр

Алыхьу Зи ГущIэгъур Иным КъурIэн ЛъапIэр Мухьэммэд Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, къыхуригъэхащ.

КъурIэн ЛъапIэр – Алыхь Талэм и псалъэщ.

Сэ КъурIэныр фIыуэ слъагъун, абы еджэн, абы итым къызэригъэувым хуэдэу сыпсэун хуейщ.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэ:**

Сыт хуэдэ Тхылъ Алыхьу зи ГущIэгъур Иным Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, къыхуригъэхар?

***Лэжьыгъэ:***

1. Дэгъэхуахэм псалъэ къезэгъхэр дэгъэувэж:

Сэ – сымуслъымэнщ, си Тхылъыр - …

Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, жиIащ: «Фэ фщыщу нэхъыфIыр КъурIэным … икIи адрейхэри хуезыгъэджаращ».

2. Iэят Ал-Курси гукIэ зэгъащIи, нэмэзхэм яужькIэ, ущыгъуэлъыжкIэ жыIэ.

**Егъэджак**I**уэм папщ**I**э**

1. КъурIэн ЛъапIэр Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, Хьирэ бгъуэнщIагъым щыIэу къызэрыхуэкIуам теухуа тхыдэр ягу къэгъэкIыжын.

2. ЕджакIуэхэм КъурIэным хуаIэ лъагъуныгъэр я псэм щIэгъэбыдэн.

3. КъурIэным егъэджэн, гукIэ зрагъэщIэным къыхуэгъэушын, абы Тхьэм и фIыщIэ хэлъщ. Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, жиIащ: «Фэ фщыщу нэхъыфIыр – КъурIэным еджаращ, адрейхэри хуезыгъэджаращ»[16]. Апхуэдэуи жиIащ: «Алыхьым и Тхылъым щыщу зы хьэрф къизыджыкIам, абы псапэ ищIауэ хуатх. ИкIи зы псапэр пщIыкIэ мэбагъуэ. Сэ жысIэкъым «алыф, лам, мим» зы хьэрфу щыту, ауэ «алыф» - ар зы хьэрфщ, «лам» - зы хьэрфщ, «мим» - зы хьэрфщ»[17].

4. КъурIэным пщIэ хуэщIын зэрыхуейр, ар зэрыгъэлъэпIэн хуейр къагурыгъэIуэн, апхуэдэуи, абы щедаIуэкIэ, щэхуу щысын зэрыхуейр. Абы теухуауэ Алыхь Талэм жиIащ: **«КъурIэным къыщеджэкIэ щыму федаIуэ, Тхьэм гущIэгъу къыфхуищIынщ»**[18].

5. КъурIэным и цIэ зыбжанэхэм щыщу Зикр, Фуркъэн, ал-Китаб, нэгъуэщIхэри ягу къэгъэкIыжын.

6. КъурIэн ЛъапIэм зэритым хуэдэу псэуным къыхуэгъэушын, абы имыдэхэм зыщахъумэну къыхуеджэн.

**Хьысэм и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм:

- Къыгурыгъэlуэн, КъурIэн ЛъапIэр Алыхьым и псалъэу зэрыщытыр
- КъурIэным пщIэ хуегъэщIын
- КъурIэным итхэм ирипсэун
- КъурIэным имыдэхэм пэIэщIэ зегъэщIын

16. Бухъэри (5027)
17. Тирмизи (2910)
18. КъурIэн (7:204)

# «Ал-Фикъхь»[19]

## (ЕтIуанэ илъэс ныкъуэ[20])

## Дерс е-1-нэ. Къабзэныгъэ

Къэбзэныр къалэну щытщ.

Алыхь Талэм и унафэщ къабзэу щытыныр.

Сэси къалэнщ, псыунэм сыкIуэу, къызэныкъуэкъур къыздэха нэужь, псы къабзэкIэ зыстхьэщIыжыну.

Къабзэныгъэм хохьэ андез къэщтэныр, икIи сэ си къалэнщ нэмэз щIыным ипэ псы къабзэкIэ андез къэсщтэну.

Апхуэдэуи къабзэныгъэм хохьэ си щIыфэм, си щыгъыным, си нэмэзщIыпIэм кIэрылъ фIеягъэ псори псыкIэ гъэкъэбзэныр.

***Лэжьыгъэ:***

1. Пэжу зыкIэлъыкIуэр къыхэх:

☐ Нэмэзыр, итIанэ андезыр …

☐ Андезыр, итIанэ нэмэзыр …

2. Псалъэ дэгъэхуар дэгъэувэж:

Сэ андезыр … къабзэкIэ къызощтэ.

---

19. Фикъхь – IэпкълъэпкъкIэ къыптехуэу бгъэзэщIэн хуейр зыдж щIэныгъэ.

20. Япэ илъэс ныкъуэм мы предметым и этикет зыбжанэхэр щадж.

3. Щыгъыным кIэрылъ фIеягъэр зэрагъэкъабзэр къыхэх:

☐ ПсыкIэ.

☐ ПшахъуэкIэ.

4. Мы псалъэухахэр къитхыкI:

1) Сэ си щахэм къыдэхыпIэ иIэхэр псы къабзэкIэ сотхьэщI. (Мы псалъэухар щэ къитхыкI)

2) Нэмэз сщIын папщIэ, андез псы къабзэкIэ къызощтэ. (Мы псалъэухар щэ къитхыкI)

3) Нэмэзыр къабыл щыхъунур андезыр псы къабзэкIэ къыщыпщтам дежщ. (Мы псалъэухар щэ къитхыкI)

4) ФIеягъэ здэщыIэ щIыпIэм сэ нэмэз щысщIыркъым. (Мы псалъэухар щэ къитхыкI)

5) Нэмэзым ипэ къихуэу, сэ си щыгъыныр, си щIыфэр, си нэмэзщIыпIэр согъэкъабзэ. (Мы псалъэухар щэ къитхыкI)

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Псыр къабзэу къыщалъытэр щапхъэ къэпхьыурэ къагурыгъэIуэн.

2. Щахэм и къыдэхыпIэхэр мывэ цIыкIухэмкIэ е тхылъымпIэкIэ бгъэкъабзэ щыхъунур къагурыгъэIуэн.

3. ФIеягъэхэр щагъэкъэбзэжкIэ, еджакIуэхэм Iэ сэмэгум фIэкIа къамыгъэсэбэпыну къыхуеджэн.

4. Къабзэныгъэм тегъэщIапIэ хуэхъу Iэят зыбжанэхэр щапхъэу къахуэхъун.

5. Псыунэм ущыщIыхьэкIэ къэббжын хуей псалъэхэр ягу къэгъэкIыжын: **«Бисмилляхьи, Аллахьуммэ инни а‘узу бикэ мина-л-хьубси уа-л-хьэбаис»[21].**

6. Псыунэм укъыщIэкIыжа нэужь, жыпIэн хуей псалъэр ягу къэгъэкIыжын: **«Гъуфранэк»**[22].

**Хьысэм и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм:

- къыгурыгъэIуэн сыт хуэдэ псыкIэ андезыр къапщтэ хъунуми
- къегъэщIэн, и щахэм къеныкъуэкъухэр къыдигъэха нэужь, Iэмал имыIэу ищIэн хуейхэр
- игу ирегъэубыдэн, нэмэзым ипэ къихуэу фIеягъэхэр зэрыгъэкъэбзэным теухуа упщIэхэр

21. Бухъэри (142)
22. Абу Дауд (30)

# Дерс е-2-нэ. Андезым теухуауэ

Зейд жиӀащ: «Сэ – сымуслъымэнщ, нэмэзым ипэ андезыр псы къабзэкӀэ къызощтэ». Хьэмр еупщӀащ: «Дэпхуэдэу уэ андезыр къызэрыпщтэр, уэ Зейд?»

Зейд жиӀащ: «СигукӀэ андез къэсщтэну нет сщӀа нэужь, сэ къыкӀэлъыкӀуэхэр согъэзащӀэ:

Сэ жызоӀэ «бисмиЛляхь»

- си Ӏэ бэлагъхэр сотхьэщӀ (щэнейрэ)
- псы жьдызогъэжыхь, си пэми изогъэжыхь (щэнейрэ)
- си нэкӀур сотхьэщӀ (щэнейрэ)
- си Ӏэхэр Ӏэпхъуамбэхэм къыщыщӀэдзауэ ӀэфракӀэм нэс сотхьэщӀ (щэнейрэ)
- Си щхьэмрэ си тхьэкӀумэхэмрэ къызолъэщӀыхь (зэрызэ)
- Си лъакъуитӀыр лъэкӀэным нэс сотхьэщӀ (щэнейрэ)»

Хьэмр жиӀащ: «ФӀыгъуэ Алыхьым къыббгъэдилъхьэ, Зейд!».

**Андез къэщтэнымкӀэ практикэ**

**ЕгъэджакӀуэм папщӀэ**

Мы дерсыр зэрабгъэдэлъхьэн хуей щӀыкӀэр:

1. ЕджакӀуэхэр классым щӀэшын.
2. Андезыр къызэрыщтэн хуейр еджакӀуэхэм егъэлъэгъун.

3. Абыхэм я пащхьэм щыгъэлъэгъуэн, еджакIуэ къэс ар егъэджакIуэм зэрищIыр нэрылъагъу хуэхъун папщIэ.

4. ЕгъэджакIуэм ар щигъэзащIэкIэ, Iэпкълъэпкъ псори здэтхьэщIын хуейм нэс гъэлъэгъуэн, ахэр зэрытхьэщIын хуейри нэрылъагъу щIын.

5. Апхуэдэуи, еджакIуэ зыбжанэхэм, адрейхэм я пащхьэм иту, андез къегъэщтэн.

6. ЕджакIуэ зыбжанэхэм Iэпкълъэпкъхэр здэтхьэщIын хуейм нэс ягъэлъэгъуэну пщэрылъ яхуэщIын.

7. Иджыри зэ еджакIуэхэм я пащхьэ андез къызэращтэ щIыкIэр щыгъэлъэгъуэн, псоми ялъэгъун, ягу ираубыдэн папщIэ.

8. Мы Iуэхугъуэм цIыхухэр хуезыгъаджэм Тхьэм и фIыщIэ къызэрылъысынумкIэ еджакIуэхэр гъэгуфIэн. ИпэжыпIэкIэ, фIым цIыхур хуезыгъасэм и фIыщIэр хуэдэщ игъэсам ар зэрищIэм.

***Лэжьыгъэ:***

1. Илъабжьэм щIэт сурэтитIым IэфракIэмрэ лъэкIэнымрэ къыщыгъэлъагъуэ, а псалъитIыр тетхи: (сурэтхэм лъакъуэр лъэкIэным нэс, Iэр IэфракIэм нэс итщ).

2. Андезыр къыщыпщтэкIэ щIэн хуейхэр зэрызэкIэлъыкIуэ номерхэр тетхэж:

☐ Си напэр сотхьэщI …

☐ Псы жьдызогъэжыхь, си пэми изогъэжыхь …

☐ Си лъакъуэхэр си лъэкIэным нэс сотхьэщI …

☐ Си щхьэмрэ си тхьэкIумэхэмрэ къызолъэщIыхь …

☐ Си Iэхэр IэфракIэм нэс сотхьэщI …

☐ Си Iэ бэлагъхэр сотхьэщI …

3. Мы псалъэухахэр къитхыкI:

Сэ андезым ипэ къихуэу «БисмиЛяхь» жызоIэ. (Щэнейрэ къитхыкI)

Сэ андезыр псы къабзэкIэ къызощтэ. (Щэнейрэ къитхыкI)

Андез къыщысщтэкIэ, сэ си Iэпкълъэпкъхэр чэзу хэхакIэ сотхьэщI. (Щэнейрэ къитхыкI)

Андез къыщысщтэкIэ, псыр лъоIэс си Iэплъэпкъым щыщу тхьэщIын хуей псоми. (Щэнейрэ къитхыкI)

4. Усэ цIыкIу гукIэ зэгъащIэ:

«Бунаййа, тауаддъа уа къум ли-ссаляти. Уа съалли ли- Раббикэ тэкъсаб ридъахьу, иза радъыйаЛлаху ‘ан муслимин йэналю сса‘адата къулял хьэйати»

Уэ си къуэ/си пхъу!

Андезыр къащти, теувэ нэмэзым,

ЩIы нэмэзыр уи Тхьэм щхьэкIэ,

Алыхьым и арэзыныгъэр къыплъысын папщIэ.

Уи лъэIуми адэ лъагэу зиIэтащ.

ИпэжыпIэкIэ, Алыхь ЛъапIэр

УэркIэ пэжу арэзы хъумэ,

Уи лъэпэхэм ухуашэнущ,

Тхъэгъуэрэ гупсэхугъуэрэ ущиIэну гъащIэ дахэм

5. Андезыр къэпщта нэужь, жыIэ:

**«Ашхьэду ан *ля* иляхьа илля *Л*лахьу, уахьдахьу *ля* шарика *л*ахь, уэ ашхьэду анна Мухьэммэдан абдухьу уэ расу*л*юхьу» / «Сэ сыщыхьэтщ, Алыхь Закъуэм, гъусэ зимыIэм, нэмыщI, нэгъуэщI тхьэ зэрыщымыIэмкIэ, икIи сыщыхьэтщ, Мухьэммэд – Абы И пщылIщ икIи и *Л*IыкIуэщ».** (Мы псалъэухар зэмыфэгъуу цIалэ)

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. ЕджакIуэхэм гу *л*ъегъэтэн, андез къыщыпщтэкIэ Iэпкълъэпкъ къэс зэ нэхъ мыхъуми зэрытхьэщIын хуейм, щэ птхьэщIмэ нэхъыфIыжщ.

2. Андезыр къэпщта нэужь, Тхьэм хуэгъэзауэ жыIэн хуей псалъэхэр еджакIуэхэм гукIэ зрагъэщIэну къыхуеджэн. **«Ашхьэду ан *ля* иляхьа илля *Л*лахьу, уахьдахьу *ля* шарика *л*ахь, уэ ашхьэду анна Мухьэммэдан абдухьу уэ расу*л*юхьу»[23].** Апхуэдэуи, Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, и псалъэхэр: **«Андезыр хабзэм тету къищтэу, итIанэ жызыIам: "Алыхь Закъуэм, гъусэ зимыIэм, нэмыщI, нэгъуэщI тхьэ щыIэкъым, икIи сэ сыщыхьэтщ, Мухьэммэд – Абы И пщылIщ икIи и *Л*IыкIуэщ»", "Аллахьумэ-дж'ални мина-т-таууабина уэ-дж'ални мина-*л*-мутатIэхьиринэ " / "Уэ, Алыхь, тобэ къэзыхьхэм ящыщ сыщI, къабзэ хъуахэми сахэбжэ", итIанэ абы, щыхуей дыдэм деж ихьэфын хуэдэу, Жэнэтым и бжэ йыр къыхузэIуахынущ»**.

3. ЕджакIуэхэр къыхуеджэн сэбэпыншэу псы куэд ямыгъэкIуэду, атIэ а фIыгъуэр яхъумэну.

23. Тирмизи (55)

**Хьысэм и къалэнхэр:**

ЕджакІуэм:

1. егъэщІэн андез къызэращтэн хуей псыр зэхуэдэр.

2. къищІэфу егъэсэн нет щыщІын хуей щІыпІэмрэ, зэрыщІын хуей Іэмалымрэ.

3. андезыр пэжу къищтэфу егъэсэн.

## Дерс е-3-нэ. Іэмал имыІэу щІын хуей нэмэзхэр

Нэмэзыр – Ислъамым и етІуанэ джэлэсщ, щыхьэт псалъитІым яужькІэ.

Зы махуэ-жэщым къриубыдэу Іэмал имыІэу щІын хуей нэмэзхэр тху мэхъу, ахэр къыкІэлъыкІуэхэращ:

- Пщэдджыжь нэмэзыр «ал-фаджр» – рэкатитІ.
- Шэджагъуэ нэмэзыр «аз-зухр» – рэкатиплІ.
- Шэджагъуэ нэужь нэмэз «ал-Іэср» – рэкатиплІ.
- Пщыхьэщхьэ нэмэз «ал-магъриб» – рэкатищ.
- Жэщ нэмэзыр «ал-Іиша» – рэкатиплІ.

***Лэжьыгъэ:***

1. Ислъамым и джэлэсхэм щыщу дэгъэхуахэр дэтхэж:

Щыхьэт псалъэхэр, … , сэджыт, нэщІ, хьэжыщІ.

2. Іэмал имыІэу щІын хуей нэмэзхэр зэрызыкІэлъыкІуэн хуей бжыгъэр тетхэ:

☐ ал-Іиша

☐ аз-зухр

☐ ал-магъриб

☐ ал-Іаср

☐ ал-фаджр.

3. Нэмэзхэр зэрыхъун хуей рэкат бжыгъэхэм хуэгъэкІуэж:

| | |
|---|---|
| ☐ ал-Іиша | а) 4 |
| ☐ аз-зухр | б) 2 |
| ☐ ал-магъриб | в) 3 |
| ☐ ал-Іаср | г) 4 |
| ☐ ал-фаджр | д) 4 |

4. Жэуап пэжым дамыгъэ тегъэувэ:

Сэ си пщэдджыжьыр нэмэзкІэ къыщІызодзэ:

☐ аз-зухр

☐ ал-фаджр

5. Зи рэкат бжыгъэр плІы хъу нэмэзхэр зы плъыфэкІэ къэтхъыхь:

- ал-фаджр
- аз-зухр
- ал-Іэср
- ал-магъриб
- ал-Іиша

6. Зи рэкат бжыгъэр щы хъу нэмэзыр щІэтхъэ:

- ал-фаджр
- аз-зухр
- ал-Іэср
- ал-магъриб
- ал-Іиша

7. МахуэкIэ щIын хуей нэмэзхэр къыхэгъэщ:

☐ ал-Iиша

☐ аз-зухр

☐ ал-магъриб

☐ ал-Iаср

☐ ал-фаджр

8. ЖэщкIэ щIын хуей нэмэзхэр къыхэгъэщ:

☐ ал-Iиша

☐ аз-зухр

☐ ал-магъриб

☐ ал-Iаср

☐ ал-фаджр

9. Мы псалъэухахэр щэнейрэ къитхыкI:

1) Сэ си нэмэзыр блэзгъэкIкъым.

2) Нэмэзыр и зэманым щIыныр – Жэнэтым уизышэ щхьэусыгъуэщ.

3) Сэ нэмэзыр мэжджытым щысщIмэ, имамым зэрищIым хуэдэ дыдэу, къытезгъэзэжурэ сощI.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Ислъамым и джэлэсхэр тху зэрыхъум тепсэлъыхьын.

2. Нэмэзхэр тху фIэкIа мыхъуми, абыхэм къапэкIуэ фIыгъуэхэр тхущIым къапыкIам зэрыхуэдизыр къегъэщIэн[24].

24. Бухъэри (349)

3. ЕджакIуэхэр къыхуеджэн я нэмэзым хуэсакъыну, ахэр и зэманым фIамыгъэкIыу ящIыну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нэмэзыр Ислъам диным и лъабжьэщ, Жэнэтым ухуэзышэ Iуэхущ, нэмэзыр къэгъэнэныр – жыхьэнмэм уизышэ щхьэусыгъуэщ. Бурайдэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъуным, зэрыжиIэжымкIэ, Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным и сэламыр зылъысыным, жиIащ: «Дэрэ абыхэмрэ ди якум дэлъыр – нэмэзырщ. Ар къэзыгъэнам, ипэжыпIэкIэ, тхьэгъапцIыгъэ илэжьащ»[25].

**Хьысэм и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм:

- нэмэзым Ислъам диным увыпIэ щиIыгъыр къыгурыгъэIуэн
- махуэмрэ жэщымрэ Iэмал имыIэу щIын хуей нэмэзхэр игу ирегъэубыдэн
- нэмэз къэс рэкат дапщэ хъуми къищIэфу егъэсэн

25. Тирмизи (2621)

# Дерс е-4-нэ. Нэмэзым теухуаուэ

Зейд азэныр зэхихри андезыр къищташ, итIанэ нэмэзыр ищIыну теува нэужь, Хьэмр абы еупщIащ: «Дэпхуэдэу уэ нэмэзыр зэрыпщIынур?»

Зейд абы жэуап иританщ:

- сэ къэблэ и лъэныкъуэкIэ зызогъазэ
- си щхьэр здэзгъэтIылъынум деж сеплъурэ «Аллахьу Акбэр» жызоIэ
- «Ал-Фатихьэ» сурэм сыкъоджэ, итIанэ сыкъоджэ КъурIэн лъапIэм щыщу гукIэ сщIэм
- итIанэ «Аллахьу Акбэр» жызоIэри сыщыту рукухьу щхьэщэр сощI, апхуэдэу сегъэзыхауэ «Субхьэнэ рабийа-л-азъым» (щэнейрэ) жызоIэ
- итIанэ захуэу сыкъызыфIоувэжри «Сэмихьа-Ллахьу лиман Хьэмида. Рэббанэ уэ ляка-л-хьэмд» жызоIэ
- къыкIэлъыкIуэу «Аллахьу Акбэр» жызоIэри, сэждэ щхьэщэр сщIыуэ, си щхьэр щIым согъэтIылъ, итIанэ жызоIэ: «Субхьэнэ рабийа-л-аля» (щэнейрэ)
- иужькIэ «Аллахьу Акбэр» жысIэурэ сыкъотIысри «Раббигъфирли, Раббигъфирли» жызоIэ
- итIанэ аргуэру «Аллахьу Акбэр» жызоIэри, сэждэ щхьэщэр сощI, си щхьэр согъэтIылъри, жызоIэ «Субхьэнэ рабийа-л-аля» (щэнейрэ)
- адэкIэ «Аллахьу Акбэр» жысIэурэ, етIуанэ рэкатыр сщIыну сыкъоувыж, итIанэ япэ рэкатым сщIа дыдэхэм къытызогъэзэж

● етІуанэ рэкатыр сыуха нэжь, сыкъотІысри япэ тэшэхьудым сыкъоджэ

● итІанэ си нэмэзыр и кІэм нэсыху, япэ рэкатитІым щысщІам къытызогъэзэж[26]

● си нэмэзым и кІэухым сыкъотІысри, иужьырей тэшэхьудым сыкъоджэ, апхуэдэуи Бегъымбарым, Алыхьым и нэфІыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, хуэгъэза сэлэватым сыкъоджэ[27]

● адэкІэ си ижьырабгъумкІи, си сэмэгурабгъумкІи сэлам сохыж, жысІэурэ: «Ассадяму алейкум уэ рахьмэтуЛлахь».

**ЕгъэджакІуэм папщІэ**

Мы дерсыр зэрегъэкІуэкІын хуейр:

1. ЕгъэджакІуэм еджакІуэхэр нэмэзщІыпІэм ишэну щхьэпэщ.

2. Нэмэз зэрыщІыпхъэр абы еджакІуэхэм я пащхьэ щигъэлъэгъуэн хуейщ, пычыгъуэ къэс зэрыщІын хуейри, жыІэн хуейр псори къагуригъаІуэурэ.

3. ЕгъэджакІуэм еджакІуэ зыбжанэм нэмэз яригъэщІын хуейщ, абыхэм щыуагъэ гуэрхэр яІэщІэкІмэ, пэжу зэрыщытын хуейр яригъэлъагъун папщІэ.

4. ИтІанэ егъэджакІуэм иджыри зэ нэмэз зэращІыр еджакІуэхэм ярегъэлъагъу, щыуагъэ зыри ямыщІыжын папщІэ.

26. Иужьырей рэкатитІым ар къызэджэр «Ал-Фатихьэ» къудейщ
27. РэкатитІ фІэкІа мыхъу нэмэзым зы тэшэхьудщ хэтыр, ари иужьырейуэ

5. ЕджакIуэ псоми, егъэджакIуэр якIэлъыплъурэ, нэмэз ящI, абыхэм пэжу зэращIымкIэ шэч къытримыхьэн папщIэ. ИтIанэ егъэджакIуэр абыхэм яхутопсэлъыхь фIыгъуэшхуэм теухуауэ. ИпэжыпIэкIэ, сэбэп зыпылъ щIэныгъэ гуэр зэзыгъэгъуэтам Алыхьым и фIыщIэ къылъигъэсынущ.

**Лэжьыгъэ:**

1. Жэуап пэжыр цIалэж.

А. Нэмэз щысщIкIэ, сэ соплъ:

- унащхьэм
- блыным
- си щхьэр щызгъэтIылъынум деж

Б. Рукухьу щхьэщэр щысщIкIэ, сэ жызоIэ:

- «Субхьэнэ рабийа-л-азъым»
- «Субхьэнэ рабийа-л-аля»

В. Рукухьу щхьэщэр щысщIкIэ, сэ си IэхэмкIэ:

- лъэгуажьэхэр къызоубыд
- лъэдийхэр къызоубыд

Г. Муслъымэнхэм я къэблэр къыщыгъэлъэгъуащ: (сурэтищ)

- Бегъымбарым и мэжджытыр
- Ал-Акъсэ мэжджытыр
- Чэбэ

**2.** «А» сатыр ехым хэт псалъэухахэр «Б»-м хэтхэм щыщу зыхуэкIуэхэм пыгъэувэж.

**А.**

☐ Сэ сэждэ щхьэщэр щысщIкIэ жызоIэ:

☐ Сэ рукухьу щхьэщэр щысщIкIэ жызоIэ:

☐ Сэ сэждэ щхьэщитIым я кум хуэзэу жызоIэ:

☐ Сэ рукухьу щхьэщэр сщIауэ, сыкъыщыувыжкIэ, жызоIэ:

**Б.**

1) «Субхьэнэ рабийа-л-аля»

2) «Сэмихьа-Ллахьу лиман Хьэмида»

3) «Раббигъфирли»

4) «Субхьэнэ рабийа-л-азъым»

**3.** Псалъэухар нэгъэсыж:

Сэ нэмэзыр щызухым деж, жызоIэ …

1. Мы псалъэухар щэ къитхыкI:

ИтIанэ си нэмэзыр и кIэм нэсыху, япэ рэкатитIым щысщIам къытызогъэзэж.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Сэждэ щхьэщэм хыхьэ Iэпкълъэпкъ Iыхьиблым теухуауэ къагурыгъэIуэн, абыхэм щыщщ: пэбгыр, Iэ бэлагъитIыр, лъэгуажьитIыр, лъакъуэ гупэхэр.

2. Япэ, етIуанэ тэшэхьудхэм къыщеджэкIэ, зэрыщысын хуейр къагурыгъэIуэн.

3. «Субхьэнэ рабийа-л-аля», «Субхьэнэ рабийа-л-азъым» псалъэхэм къытебгъэзэныр суннэщ, ар еджакIуэхэм ягу ирегъэубыдэн. ИкIи ар фIым ухуэзышэхэм щыщу нэхъ мащIэ дыдэрщ.

4. Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным и сэламыр зылъысыным, хуэгъэза щытхъу псалъэхэм къызэреджэн хуейр къагурыгъэIуэн, ар Хьэмр ибн Сахьыд и адэм къызэрыбгъэдэкIам хуэдэу, абы жиIащ: «ИпэжыпIэкIэ, сэ слъэгъуащ Бегъымбарым «сэлам» зэритыр, ижьымкIи сэмэгумкIи зигъазэурэ, уеблэмэ и нэкIу хужьитIыр слъагъурт»[28].

**Хьысэм и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм:

- нэмэзыр, хабзэхэм тету, пэжу ищIыфу зригъэсэн, и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэмрэ, мардэхэмрэ гу лъитэурэ
- «тэкбирату-л-ихьрам» щищIкIэ и Iэр къызэриIэтын хуейр къищIэн
- рукухьу, сэждэ щхьэщэхэр щищIкIэ жыIэн хуейхэр зыхигъэкIыфын

28. Муслим (9582)

## Дерс е-5-нэ. Тэшэхьуд

*Аттахьиййату лиЛлахьи, уэс-съаляуату уэт-тIайибату, ассаляму аляйкэ, аййюхьа-н-набиййу, уэ рэхьмэтуЛлахьи уэ бэрэкатухьу, ассаляму аляйна уэ ʻаля ʻибадиЛляхьис-съалихьин. Ашхьэду алля иляхьэ илляЛлаху уа ашхьэду Iэннэ Мухьэммэдан ʻабдухьу уэ расулюхьу.*

Дэпщэщ тэшэхьудым дыкъыщеджэр? Тэшэхьудым дыкъоджэ етIуанэ рэкатым иужькIэ, икIи абы «япэ тэшэхьудкIэ» йоджэ, апхуэдэуи нэмэзым и иужьырей рэкатым дыкъыщоджэ, абы «етIуанэ тэшэхьудкIэ» йоджэ.

***Лэжьыгъэ:***

**1.** Псалъэхэр пэжу дэгъэувэж:

Псалъэхэр: *етIуанэ, иужьырей, япэ*

- Япэ тэшэхьудым дыкъыоджэ … рэкатым иужькIэ
- Иужьырей тэшэхьудым дыкъоджэ … рэкатым иужькIэ

2. Тэшэхьудым тIэу къыщеджэн хуей нэмэзхэр зы сатыр ехыу фщIы, зы тэшэхьуд фIэкIа зыхэмыт нэмэзхэр етIуанэ сатыру къефтхых:

- ал-Iиша
- ал-Iэср
- ал-магъриб
- ал-фаджр
- аз-зухр

3. Мы псалъэухахэр щэрыщэрэ къифтхыкI:

Сэ нэмэзыр щысщIкIэ, имамым зэрищIым сыкIэлъокIуэ.

Сэ, нэмэзым сыщытеувэкIэ, «тэкбиратул ихьрам» («Аллахьу Акбэр») жызоIэ.

**Егъэджакlуэм папщIэ:**

1. Тэшэхьудым къыщеджэкIэ, Iэпхъуамбэр къызэрыIэтын хуейр къагурыгъэIуэн (Iэпхъуамбэшхуэмрэ ику итымрэ зытелъу Iэгур IэштIыму зэхуащIри, Iэпхъуэмбапщэр къаIэт).

2. Тэшэхьудым и псалъэхэр еджакIуэхэм къазэрыгурыIуэн IэмалкIэ яхузэпкъырыхын.

3. РэкатитIу къакIуэ нэмэзым, рэкатищ хъумрэ рэкатиплI хъумрэ елъытауэ, зы тэшэхьуд фIэкI зэрыхэмытыр къагурыгъэIуэн.

**Хьысэм и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм:

- нэмэзыр щищIкIэ, тэшэхьудыр щижиIэн хуейр къищIэн
- тэшэхьудыр зригъэщIэн
- тэшэхьудым папщIэ пэжу тIысын

# Дерс е-6-нэ. Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, и сэламыр зылъысын, хуэгъэза щытхъу псалъэхэр.

*Аллахьуммэ съалли ʻаля Мухьэммадин уэ ʻаля али Мухьэммэдин, кэмэ съэлляйтэ ʻаля Ибрэхьимэ уэ ʻаля али Ибрэхьима, иннакэ Хьэмидун, Мэджидун. Уэ бэрик ʻаля Мухьэммэдин уэ ʻаля али Мухьэммэдин кэмэ бэракта ʻаля Ибрэхьима уэ ʻаля али Ибрэхьима, инна-кя Хьэмидун, Мэджидун!*

Дэпщэщ абы къыщеджэр? Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, хуэгъэза щытхъу псалъэхэр иужьырей тэшэхьудым иужькIэ жаIэ, нэмэзыр сэламкIэ зэхуамыщIыж щIыкIэ.

***Лэжьыгъэ:***

**1.** Псалъэ дэгъэхуахэр дэгъэувэж:

Аллахьуммэ съалли ʻаля Мухьэммадин уэ ʻаля али Мухьэммэдин, кэмэ съэлляйтэ ʻаля … уэ ʻаля али …, иннакэ Хьэмидун, Мэджидун. Уэ бэрик ʻаля Мухьэммэдин уэ ʻаля али … кэмэ бэракта ʻаля Ибрэхьима уэ ʻаля али Ибрэхьима, инна-кя Хьэмидун, Мэджидун!

**2.** Мы дерсым бегъымбаритIым я цIэхэр къитIуащ. Хэт ахэр?

**3.** Жэуап пэжыр щIэтхъэ:

Бегъымбарым хуэгъэза щытхъу псалъэхэр жаIэ:

- япэ рэкатым иужькIэ
- иужьырей тэшэхьудым иужькIэ

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Тэшэхьудымрэ, Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, хуэгъэза щытхъу псалъэхэмрэ щыжыIэн хуейр бгъэлъагъуэурэ, нэмэзыр щIын.

2. Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, и цIэр къыщыраIуэкIэ, абы хуэгъэза щытхъу псалъэхэр жаIэну еджакIуэхэр къыхуеджэн, абы фIыщIэ къахуихьынур къагурыгъэIуэн. Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, зэрыжиIам хуэдэу: «Сэ щытхъу псалъэ къысхужызыIам, Алыхьыр абы пщIыкIэ нэхъыбэжу щытхъунущ, апхуэдэуи, гуэныхьипщI трихынущ, и щытыкIэри пщIыкIэ нэхъ лъагэу къиIэтынущ»[29].

**Хьысэм и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм:

- Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, хуэгъэза щытхъу псалъэхэр зригъэщIэн.
- Нэмэз щищIкIэ, Бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэным, и сэламыр зылъысыным, хуэгъэза щытхъу псалъэхэр щыжиIэн хуейр игу ириубыдэн
- япэ, етIуанэ тэшэхьудхэр щыжиIэкIэ, зэрыщысын хуейхэр зригъэщIэн. Ахэр псори практикэкIэ къегъэщIэн.

29. Насаи (1298)

# Дерс е-7-нэ. Нэмэзыр зыкъутэр

- Ерыскъыр.
- Псыр.
- Псалъэр.
- Дыхьэшхыныр.
- Андезыр зыкъутэхэр.
- Нэмэзым емыпха Iуэхугъуэхэр.

***Лэжьыгъэ:***

1. Хьэмр нэмэз ищIащ и жьэм IэфIыкIэ жьэдэлъу, итIанэ ар иригъэнэхащ. Абы и нэмэзыр къабыл хъуну? ИкIи сыт щхьэкIэ?

2. Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж:

Андезыр мэкъутэ …, е …, е …, е … .

Псалъэхэр: ушхэмэ, ткIуаткIуэ къыбдэхыжмэ, щIыб уикIмэ, жьы къызэкIэщIэбгъэхуамэ.

3. Нэмэзыр зыкъутэхэр щIэтхъэ:

Нэ зытепIэным, хущхьэным, шхэным, псы ефэным, бауэным, псалъэным.

4. Мы псалъэухахэр щэрыщэ къитхыкI:

- Сэ нэмэзыр зыкъутэн зыри сщIэкъым.
- Сэ си фарз нэмэзыр къутамэ, ар сыпшыныжын хуейщ.
- Сэ сыкъабзэу нэмэзым сытоувэ.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

ЕджакIуэхэм къагурыгъэIуэн хуейщ:

1. Нэмэзыр щыпщIкIэ Iэдэбыгъэ зыхэгъэлъыным къикIыр, абы нэмэзым папщIэ иIэ мыхьэнэр.

2. Нэмэзыр зыкъутэ Iуэхугъуэхэр, андезыр зыкъутэ Iуэхугъуэхэр.

3. Нэмэзыр зыкъутэ Iуэхугъуэ куэдым я щапхъэхэр къэхьын.

**Хьысэм и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм:

- нэмэзыр зыкъутэ Iуэхугъуэхэр зригъэщIэн.
- нэмэзыр зыкъутэмрэ андезыр зыкъутэмрэ зыхигъэкIыфу зригъэсэн.
- нэмэзыр зыкъутэ Iуэхугъуэхэм пэIэщIэ зищIын.

**ГуащІэмрэ ГущІэгъумрэ Зыхэлъ Алыхьым И ЦІэкІэ**

Уэ си къуэш егъэджакІуэ! Уэ си къуэш гъэсакІуэ! Уэ си къуэш адэ! Уэ си къуэш еджакІуэ!

Ассэламу алейкум уэ рэхьмэтуЛлахьи уэ бэрэкятухь.

ИтІанэ:

Сауд Хьэрыпым егъэджэныгъэмкІэ и министерствэм и жьауэм щІэт шэрихьэт программэхэр зыхэгъэувэнымкІэ Администрацэм, ди тхылъым теухуауэ, сыт хуэдэ чэнджэщ ептынуми, щыуагъэр ебгъэлъэгъунуми зыхуэбгъэзэну и гуапэщ. Ди контактхэр адэкІэ къыщыдгъэнэнщ:

1. Телефон занщІэр: 014021095
2. Министерствэм и телефоныр: 014042888
3. Факсыр: 014081297
4. Электроннэ пощтыр: runit@moe.gof.sa

# Псалъащхьэ

**«Ат-Тэухьид»**

Дерс е-1-нэ. ЦIыху къэс Iэмал имыIэу ищIэн хуейр............ 8
Дерс е-2-нэ. Си Тхьэр – Алыхьыращ ......................................11
Дерс е-3-нэ. Тхьэр къызэщIэ.............................................. 13
Дерс е-4-нэ. Алыхьыр – КъэгъэщIакIуэщ............................ 15
Дерс е-5-нэ. Алыхьым и Къару гъуэзэджэр къигъэщIахэм хэлъщ ...................................................................................... 19
Дерс е-6-нэ. Ерыскъым ущызымыгъащIэу Алыхь...............21
Дерс е-7-нэ. Алыхьым, си Тхьэм, щхьэщэ хузощI.............. 25
Дерс е-8-нэ. Си диныр – Ислъамщ.........................................27
Дерс е-9-нэ. Си Бегъымбарыр – Мухьэммэдщ.....................31
Дерс е-10-нэ. КъурIэн лъапIэр ............................................. 35

**«Ал-Фикъхь»**

Дерс е-1-нэ.Къабзэныгъэ .......................................................37
Дерс е-2-нэ. Андезым теухуауэ ........................................... 40
Дерс е-3-нэ. Iэмал имыIэу щIын хуей нэмэзхэр................. 45
Дерс е-4-нэ. Нэмэзым теухуауэ............................................. 49
Дерс е-5-нэ. Тэшэхьуд ............................................................ 54
Дерс е-6-нэ. Бегъымбарым хуэгъэза щытхъу псалъэхэр .. 56
Дерс е-7-нэ. Нэмэзыр зыкъутэр............................................ 58

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ, ас-сэляму алейкум уэ рэхьмэтуЛлахьи уэ бэрэкятухь!

Ди гуапэщ ди тхылъхэр зи гум дыхьахэм ящыщу фытлъагъуну, ди лэжьыгъэм зэман хухэфхари, гулъытэ къыхуэфщIари ди дежкIэ лъапIэщ. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр – хъер къызэпыкIын адыгэбзэ зэдзэкIыгъуэ сэбэпыр фи пащхьэ итлъхьэнырщ.

Абы хэтыуи, дэ къыдгуроIуэ, тхылъыр щытрадзэкIэ щыуагъэ гуэрхэри тIэщIэкIынкIэ зэрыхъунур. Дэ икъукIэ ди гуапэ хъунут фэ, ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ, ди тхылъыр нэхъыфI зэрытщIынымкIэ фыкъыддэIэпыкъуамэ. Фэ пцIыуэ къыфщыхъуахэр, е гу зылъыфта щыуагъэхэр, е нэгъуэщI ныкъусэныгъэ гуэрхэм фагъэпIейтеямэ, ди пощтым, е Telegram ботым фыкъэтхэну дынывоолъэIу.

Фэ фи гулъытэхэмрэ, фи IуэхуеплъыкIэхэмрэ ди дежкIэ лъапIэщ, икIи ди тхылъым дыщытелэжьыхьыжкIэ, зы тхыгъи гулъытэншэу къэдгъэнэнукъым. Фыфкъэтхэну дыпоплъэ, икIи ди лэжьыгъэр едгъэфIэкIуэнымкIэ щIэгъэкъуэн фыкъызэрытхуэхъум папщIэ ину фIыщIэ фхудощI.

ПщIэ къыфхуэзыщI,
Проектым и редколлегие

@ mail@abu-islam.com
@abuislam_feedback_bot